

Istwa Nwèl


CREDITS:

Bible Translation from The Unbound Bible Project at
BIOLA College (<http://unbound.biola.edu/>).

Graphics by Jeff Birchill.

Christmas Carols from Chants Dèseperance. La Presse
Evangèlique. Port Au Prince, Haiti. 1995

Published by
Eastern Digital Resources
PO Box 1451
Clearwater, SC 29822-1451
www.researchonline.net/haiti
haiti@researchonline.net
(803) 439-2938





Prèmiè Noèl (The First Noel)

1.
Prèmiè Noèl zanj la té palé
Bèjé yo nan plèn koté yo rété,
Nan plèn koté yo gadé mouton,
Gnou nuit frédi ki té fè noua.
Kè: Noèl, Noèl, Noèl, Noèl,
Jézu té fèt roua Izraèl.
2.
Yo gadé sièl la é yo ouè
Gnou foul bèl zanj yo ki tapé chanté:
Tout gloua pou Bon-Dieu nan liè trè ro,
E pè sou la tè é bòn volonté.
3.
Avèk lumiè gnou bèl zétoual,
Toua zòm sajsòtinan gnou pèitrèloun,
Ak intansion pou yo chaché gnou roua,
E yo suiv zétoual la koté li alé.
4.
Zétoual la maché tout la nui,
Rivé Bètléèm, li pa konti-nué.
Li rété la é li pozé
Tou jus koté Jézu té kouché.
5.
Alò, toua zòm saj yo vi-n pou antré,
Ak gran respè yo mète a jénou,
E yo ofri Li tou sa yo pòté:
Anpil lò, la mi ak lansan.
6.
Nou-minm tou, sé pou nou mète ansanm
Pou chanté louanj Ségnè nou ki nan sièl,
Ki pat bezouin angnin pou fè sièl ak tè
E ki vini pou sovè nou.

The Christmas Story is available in the following languages on a special order basis. A minimum of 1,000 copies is required.

Spanish
Portuguese
German
French

We are working on other Bible Story books in this series.
EMAIL biblestories@researchonline.net for availability.

Abraham
Adam and Eve
Cain and Abel
Creation
David (& Goliath)
Elijah
Esther
Hannah and Samuel
Jacob and Esau
Jesus (Adult)
Moses
Noah and the Ark
Parables
Ruth and Naomi
Shadrach, Meshach and Abednego


O Nuit Trè Sin
(O Holy Night)

O nuit trè sin, bèl zétoual yo ap briyé,
Sé la nuit lè Jézu-Kri té fèt.
Lontan lé monn té égaré nan péché
Jouk Li parèt énanm mouin té viv ankò.

Kè:

O jou dé joua tou lé monn apé réjoui
Pou lé gro Lumiè kap fè gnou nouvo jou.
Mété jénou a tè, O tandé sa yap chanté,
O nuit trè sin, O nuit, O nuit lè Kris té
O nuit divin, O nuit, O nuit divin. (fèt
2.

Nou suiv lumiè sa avèk tout gran joua,
Kè nou briyé avèk amou pou Jézu-Kri.
Nou adoré Li ki vi-n fèt pou sové nou,
Nou suiv Li minm jan
Moun saj té suiv Li.



Paske, Bondye sitèlman
renmen lèzòm li bay sèl Pitit li
a pou yo. Tout moun ki va
mete konfyans yo nan li p ap
pedi lavi yo. Okontrè Ya gen
lavi ki p ap janm fini an.

Jan 3:16





Lè sa a, Seza Ogis te bay lòd pou yo te konte dènye moun ki nan peyi l ap gouvènen yo.

Premye travay sa a te fèt nan tan Kireniyis t ap kòmande nan peyi yo rele Siri a.

Luk 2:1-2

Pèp ki t ap mache nan fènwa a wè yon gwo limyè. Yo te rete nan yon peyi kouvri ak fènwa. Men, koulye a yon limyè vin klere yo!

Nou gen yon ti pitit ki fenk fèt. Bondye ban nou yon gason. Se li menm ki pral chèf nou. Y a rele l: Bon konseye k ap fè bèl bagay la, Bondye ki gen tout pouvwa a, Papa ki la pou tout tan an, Wa k ap bay kè poze a!


Gouvènman li p ap gen finisman. Nan peyi l ap gouvènen an se va kè poze san rete. L ap chita sou fotèy wa David la. L ap gouvènen peyi wa David la. L ap fè gouvènman an byen chita, l ap ba li bon pye paske l ap fè sa ki dwat. Li p ap nan patipri, depi koulye a jouk sa kaba. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki soti pou fè tou sa rive vre!

Wa rele l Jezi. Se li menm ki pral delivre pèp li a anba peche l yo.



Tout moun te al fè pran non yo
nan lavil kote fanmi yo te soti.

Jozèf te rete nan peyi Galile,
nan yon bouk yo rele Nazarèt.
Men, paske li te moun nan
fanmi ak ras David, li moute, li
ale nan Jide, nan lavil David yo
rele Betleyèm lan.



Jozèf tapral fè yo pran non
l ansanm ak non Mari,
fiyanse li, ki te ansent.

Lik 2:3-5



Li fè premye pitit li a, yon ti gason. Mari vlope pitit la nan kouchèt, li mete l' kouche nan yon kay kote yo bay bèt manje, paske pa t' gen plas pou yo nan lotèl la. - Lik 2:7



Yo antre nan kay la, yo wè ti pitit la ansanm ak Mari, manman li. Yo mete ajenou devan l, yo adore l. Apre sa, yo louvri sak yo, yo ba li anpil kado: te gen lò, lansan ak lami.



Jezi te fèt lavil Betleyèm nan peyi Jide, sou tan wa Ewòd. Apre li te fèt, kèk nèg save ki konn etidye zetwal yo soti nan peyi solèy leve, yo rive lavil Jerizalèm.


Yo t ap mande: Kote wa jwif ki fenk fèt la? Nou wè zetwal li parèt depi nan peyi nou an, nou vin adore li.



Nan menm zòn sa a, te gen gadò mouton ki t ap pase nwit la deyò ap veye mouton yo.


Lè sa a, yon zanj Bondye
parèt devan yo, bèl limyè
Bondye a klere tout kote
yo te ye a. Yo te pè
anpil.

Men zanj lan di yo
konsa: Pa pè. N'ap
anonse nou yon
bon nouvèl ki pral
fè tout pèp la
kontan anpil.



Jòdi a, nan lavil David la, nou gen yon Sovè ki fenk fèt: se Kris la,
Seyè a.

Men remak ki va fè nou rekonèt li: n a jwenn yon tibebe vlope nan
kouchèt, kouche nan yon kay kote yo bay bèt manje.






Mari menm te
kenbe tout
pawòl sa yo
nan kè l, li t ap
repase yo nan
tèt li.



Menm lè a, yon foul lòt zanj nan syèl la vin jwenn zanj lan; yo t ap fè lwanj Bondye, yo t ap di konsa:

Lwanj pou Bondye anwo nan syèl la, kè poze sou latè pou tout moun li renmen.

Zanj yo kite gadò mouton yo,
yo tounen al nan syèl la. Lè
sa a, gadò mouton yo yonn di
lòt: Ann al jouk Betleyèm,
ann al wè sa ki rive, sa
Bondye fè nou konnen an.



Yo prese ale, yo jwenn Mari ak Jozèf, ansanm ak tipitit la
kouche kote yo bay bèt yo manje a.

Lè yo wè l, yo tanmen rakonte sa zanj lan te di yo sou pitit la.



Tout moun ki t ap koute yo te sezi tande sa yo t ap rakonte a.

Aprè sa, gadò mouton yo al fè wout yo; yo t ap di jan Bondye gen
pouvwa, yo t ap fè lwanj li, paske tou sa yo te tande ak tou sa yo
te wè a te dakò ak sa zanj lan te fè yo konnen.